

Konstwi Bon Jan Lasante

Beth Israel Lahey Health 
Beth Israel Deaconess Medical Center

Yon Mizajou sou Inisa kominote BIDMC nan Lasante

Byenvini

Beth Israel Deaconess Medical Center (BIDMC) envesti lan anviwon **\$18 milyon dola** nan kominote a. BIDMC pase ane pase a pou li reyini ak manb kominote a pou li ka deside sou ki pi bon fason li kapab itilize lajan pou finansman an. Sa ka rive ou patisipe nan konvèrsasyon sa yo pandan ou te la, lè ou patisipe nan yon sondaj ki fèt sou entènèt la oubyen senpman lèw gen lanvi pou ou aprann plis.

Alòske planifikasyon nou pou premye lane pral rive nan bout li, mwen kontan pou mwen pataje sa nou jwenn yo, desizyon ak plan ki gen pou vini yo. Yo tout baze sou sa nou tande ki sòti nan kominote a. Mèsi ak tout manb nan kominité a ki te kontribye ne pwosesis sila a.

Nancy Kasen,

Vis Prezidan, Benefis pou kominote a ak relasyon ki genyen nan kominote nan Beth Israel Lahey Health

Travay Ansanm

BIDMC te kreye yon komite pou ede chwazi priyore sante pou li ka bay finansman pou yo. Komite a te gen ladann lidè lokal yo ak moun ki abite nan katye espesifik ke BIDMC t'ap sèvi yo.

Lajan an pral reponn ak pwoblèm sante ki enpòtan nan vil Chelsi ak nan katye sa yo ki nan lantouraj Boston:

- Allston/Brighton
- Bowdoin/Geneva
- Chinatown
- Fenway/Kenmore
- Roxbury
- Mission Hill



Koute ou

BIDMC te fè senk reyinyon pou mande moun nan chak vwazinaj kòman koze sante yo ye. Moun yo te reyini an ti gwoup pou pataje opinyon yo ak eksperyans yo. BIDMC te patisipe nan jefò reyjonal nan sak gen rapò ak lopital yo, òganizasyon ki chita nan kominote an ak lòt patnè nan Boston ak Chelsi pou tande priyore manm kominote yo.

Komite itilize enfòmasyon ki te kolekte nan kominote a ak rechèch ki egziste deja, li diskite sou yo vote yo, epi apwouve pou kat domenn nan sante:

- Kapasite pou gen on kay
- Sekirite travay ak finansye
- Sante pou konpòtman
- Antouwaj nan bon sante

Kenbe Dat La

Jou **Madi 6 Aril la** BIDMC ap anonse kòman òganizasyon lokal yo kapab aplike pou jwenn finansman.

Pou ou ka konnen plis sou posibilité pou jwenn finansman ak kòman pou soumèt on demand, rejwenn nou nan **Madi 7 Avril nan 2 è 30 nan aswè** nan yon rankont k'ap fèt nan avni 99 Bwouklin chanm RN-103.

Kenbe kontak

Pou plis enfòmasyon sou inisyativ kominote BIDMC nan sa ki gen rapò ak sante vizite nou SOU **bidmc.org/chi**. Pou kesyon tanpri voye yon imel nan **NIBCHI@bidmc.harvard.edu**.